**दिन–शनिवार** **दिनांक–16.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य मे भूमि सँ जुड़ल जमाबंदी आ आन दस्तावेज के दुरूस्त करबाक लेल आइ सँ राजस्व आ भूमि सुधार विभाग महा अभियानक प्रारंभ कयलनि अछि। ई अभियान बीस सितम्बर धरि चलत। अभियानक अंतर्गत विभागक अधिकारी आ कर्मचारी भू–अभिलेख के अद्यतन करेबाक लेल लोक सभक घर–घर जाऽ कऽ हुनक आवेदन स्वीकार करताह। संगहि प्रत्येक हलका मे दू–दू शिविर लगा कऽ सेहो दस्तावेजक सुधारक काज कयल जायत। विभागक अपर मुख्य सचिव दीपक कुमार सिंह जनौलनि जे एकर उद्देश्य भूमि संबंधी दस्तावेज मे पारदर्शिता आनब आ आम लोक सभक जमीन सँ जुड़ल आवश्यक सुधार सभक सुविधा सोझे हुनक दुआरि धरि पहुँचायब अछि। ओ जनौलनि जे अभियानक दरमियान जमाबंदी मे त्रुटि सुधार, उत्तराधिकार नामांतरण, बंटवारा नामांतरण आ छुटल जमाबंदी के ऑनलाइन कयल जायत। एकर संगहि, नाम, खाता, खेसरा, रकबा आ लगान एहेन अशुद्धि सभ सेहो ठीक कयल जायत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार निजी क्षेत्रक उद्यमी सभ के प्रोत्साहित करबाक लेल विशेष आर्थिक पैकेज देबाक घोषणा कयलनि अछि। श्री कुमार एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे राज्य मे अगिला छओ मास मे उद्योग लगबयवला उद्यमी सभ के कैपिटल सब्सिडी, ब्याज सब्सिडी आ जीएसटीक लेल देल जायवला प्रोत्साहन राशि के दुगूना कयल जायत।

---

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी काल्हि बिहारक सासाराम सँ वोटर अधिकार यात्रा प्रारंभ करय जा रहल छथि। सोलह दिन धरि चलयवला ई यात्रा राज्यक पच्चीस जिला सँ भऽकऽ गुजरत। कांग्रेस के पूर्व प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद

सिंह पटना मे संवाददाता सम्मेलन मे कहलनि जे ई यात्रा तेरह सय किलामीटर नम्हर होयत। एहि मे राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सहित इंडिया गठबंधनक कतेको वरिष्ठ नेता सम्मिलित होयताह।

———————————————————————————

श्रीकृष्ण जन्माष्टमीक पावनि–तिहार आइ मिथिलांचल सहित प्रदेशक विभिन्न भाग मे पारम्परिक श्रद्धा ओ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। राजधानी पटना स्थित इस्कॉन मंदिर सहित विभिन्न कृष्ण मंदिर सभ के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। राति बारह बजे मंदिर सभ मे श्रीकृष्ण जन्मोत्सवक आयोजन कयल जायत। श्रीकृष्ण जन्माष्टमीक अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोक सभ के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो प्रदेशवासी सभ के बधाई देलनि अछि।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियताक मे कमीक कारणे राज्यक विभिन्न भाग मे वर्षा मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान अधिकांश भाग मे मौसम शुष्क बनल रहल। शिवहर मे सभ सँ बेसी बीस दशमलव आठ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। अगिला चौबीस घंटाक दरमियान पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, शिवहर, मधुबनी, पूर्णियां आ किशनगंज सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्व भाग मे विभिन्न स्थान पर मेघगर्जन, वज्रपात आ तेज हवा चलबाक आशंका अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे वर्षाक मे कमीक कारणे गंगा, गंडक, बूढ़ी गंडक आ कोसी सहित सभ प्रमुख नदीक जलस्तर मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे खतराक निशान सँ करीब एक मीटर ऊपर बहि रहल अछि। बागमती नदी मुजफ्फरपुरक बेनीबाद आ कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा आ कटिहारक कुरसेला मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि।

———————————————————————————

राष्ट्र आइ पूर्व प्रधानमंत्री आ भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेयी के हुनक पुण्यतिथि पर स्मरण कऽ रहल अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ केन्द्रीय कैबिनेटक कतेको वरिष्ठ मंत्री नव दिल्ली मे सदैव अटल स्मारक जाकऽ दिवंगत नेता के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, पटना स्थित भाजपा कार्यालय मे आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल आ पार्टीक वरिष्ठ नेता लोकनि अटल जी के तैलचित्र पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। ओतहि, दरभंगा जिला स्थित विद्यापति सेवा संस्थान मे पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहार वाजपेयी के पुण्यतिथि पर आइ श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कयल गेल। वक्ता लोकनि मैथिली के संविधानक आठम अनुसूची मे सम्मिलित करबाक लेल अटलजीक योगदान के स्मरण कयलनि।

---

मधेपुरा जिलाक उदाकिशुनगंज मुख्य बाजार मे एक हाईवा आ मोटरसाइकिलक टक्कर मे एक महिलाक मृत्यु भऽ गेल।

---

समाप्त भेल।